

ÈSKE OU VIKTIM PÈSEKISYON?



Èske ou te temwen
pèsekisyon epi ou
vle vin yon moun
ki reyaji kont sa?

- Menas Vèbal**
- Atak Fizik**
- Bay Vye Non**
- Rejetman Toutespre**
- Tripotay**

Aprann plis osijè pèsekisyon ak kisa

OU kapab fè pou anpeche oswa pou reyaji kont pèsekisyon.

- Pou rapòte zak pèsekisyon nan lekòl, rele nan (718) 935-2288 oswa ale sou [sitwèb Depatman Edikasyon](http://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/respect-for-all) an kote ou kapab jwenn plis enfòmasyon: www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/respect-for-all.
- NYC Well** kapab konekte ou nan sipò konfidansyèl pou estrès ansanm ak pou depresyon, enkyetid ak abi dwòg oswa alkòl. Rele nan 1-888-NYCWELL (1-888-692-9355), voye tèks ak mo "WELL" nan 65173 oswa tchat sou nyc.gov/nycwell.
- Depatman Edikasyon Vil New York, **Respè pou Tout moun: Paj Wèb Ankouraje Pratik Kont Pèsekisyon** an gen yon pakèt kalite resous nan www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/respect-for-all.
- 311** se sitwèb ofisyèl Vil New York pou bay enfòmasyon. Rele 311 oswa ale nan www1.nyc.gov/311 pou jwenn enfòmasyon sou fason pou fè rapò pou pèsekisyon epi idantifye resous yo.
- Sèvis asistans nan telefòn Youth Connect DYCD** la se yon resous ak sèvis referans pou jèn, fanmi ak òganizasyon yo ki baze nan kominote a. Rele nan 1-800-246-4646 oswa 646-343-6800 osnon voye yon imèl nan youthconnect@dycd.nyc.gov.



Sa kapab ede ou si ou konnen plis bagay osijè pèsekisyon! Ou ka vin plis okouran fason pou prevni pèsekisyon epi santi ou mwens poukont ou ak gen plis konfyans. Nou tout ka ede sispann pèsekisyon si nou trete moun avèk diyite, respè ak akseptasyon.



Department of
Education

Department of
Youth & Community
Development

Lwa lokal 213 ane 2018 la deklare Vil la dwe òganize aktivite sansibilizasyon konsènan resous ki disponib pou pran konsyans ak anpeche pèsekisyon.